

# CORONAVÍRUS

Oryantasyon pou imigran yo

Imigran yo gen dwa pou resevwa kòb gouvènman an ap bay la tou

Kisa ki "AUXÍLIO EMERGENCIAL" la?

"Auxílio Emergencial" la se yon kòb ke gouvènman an ap bay moun ki p ap travay ak kanè siyen ( k ap met jou nan yon travay), moun ki p ap travay, moun ki ap travay ak tèt yo epi patwon ki gen yon ti antrepriz (MEI). "Auxílio Emergencial" la la pou pwoteje pèp la an ijans, pandan peryòd kriz Kowonavirus la (COVID-19).

Kantite kòb la :

Jiska 2 moun nan yon fanmi, yo chak ap ka resevwa R\$600,00 la pandan 3 mwa.

Pou fanmi kote se selman fanm nan ki responsab depans nan kay la, fanm nan ap resevwa R\$1.200,00 pandan 3 mwa.

Kijan ou ka benefisyè èd sa :

Pouw ka benefisyè èd sa , travayè, imigran, dwe fè pati kategori sa yo :

- Ou dwe gen plis ke 18 lane ;
  - Ou pa dwe ap travay kanè siyen ;
  - Ou pa dwe ap resevwa benefis ki soti nan Instituto Nacional de Seguridade Social (INSS), tankou retrèt, pansyon oubyen Benefício de Prestação Continuada (BPC);
  - Ou pa dwe ap resevwa benefis Seguro Desemprego, Seguro Defeso oubyen nenpòt lòt pwogram kote wap resevwa kòb nan men gouvènman an, sof si se ta Bolsa Família ;
  - Chak gress moun ki ap travay nan fanmi an dwe ap touche ,pa mwa, jiska mwatye salè minimòm nan (R\$522,50) oubyen fòk salè total ,pa mwa, tout moun nan fanmi an bay jiska 3 salè minimòm ki bay yon total (R\$ 3.135,00) chak mwa.
- Fòk ou pat deklare enpo, nan lane 2018 la . Oubyen fòk ou pat resevwa plis ke

# CORONAVÍRUS

R\$28.559.70 tax .

- Lè ou se yon Mikro entreprenè individyèl ki kontribiye nan regim general ak previdans sosyal la,siw pap travay fòmèlman(kanèw pa siyen) avek siw nan chomaj.

Enskripsyón :

Moun kite gentan gen inskripsyón nan CRAS (Cadastro único) avan dat 20 Mas ak sa yo kite kalifye pou pwogram (Bolsa Família) men ki potko resevwa l , ap jwenn kòb gouvènman an ap bay la san l pa bezwen fè inskripsyón sou site CAIXA a ankò.

Moun kite gentan konn resevwa Bolsa Família yo pap ka resevwa 2 kòb alafwa se swa ou chwazi Bolsa Família a oubyen kòb gouvènman an daprè sa ou wè ki ap pibon pou ou a, siw chwazi auxílio a Bolsa Família a p ap disponib pandan peryòd wap resevwa kòb gouvènman an.

Moun ki pa enskri nan CRAS (Cadastro único) jiska dat 20 Mas la men ki fè pati de moun ke leta bay dwa pou resevwa kòb la, yo ap jis klike sou link sa auxilio.caixa.gov.br oubyen telechaje aplikasyon sa Caixa|Auxílio Emergencial.

Aprè w fin fè inskripsyón an sou sit la oubyen sou aplikasyon an ou p ap jwen kòb la menm kote a sa ap pran yon titan pou yo analize demann nan ,men fòk ou toujou gade sou sit la oubyen aplikasyon pouw ka konnen eske ou kalifye pou w resewa kòb sa a.

Obsèvasyon:

Si imigran an pa t enskri nan CRAS (Cadastro único) li dwe fè solisitasyon an sou sit la auxilio.-caixa.gov.br oubyen sou aplikasyon CAIXA | Auxílio Emergencial, bay nimewo CPF ou. Si ou ta vle louvri yon kont sosyal dijital (siw pa ta gen yon kont labank) ou dwe gen CPF ak yon dokiman ki ka idantifye w, suiv pwosesis pouw fè demann kòb la sou aplikasyon an.

Enskripsyón sou aplikasyon an:

W ap kapab fè tout bagay sou aplikasyon an, senp e nan plis sekirite:  
1)Antre sou Makèt telefòn nan, chèche Caixa|Auxilio Emergencial

# CORONAVÍRUS

- 2) Klike sou li pouw ka telechajel, aprè sa wap antre sou aplikasyon an
- 3) Pouw kòmanse, wap chwazi Realize sua solicitação epi gade byen si w kalifye pou w resevwa kòb la
- 4) Aprè Wap ekri  
Non w konplè;  
CPF;  
Dat ou fèt ;  
non Manmanw
- 5) Nimewo telefòn ou epi ki konpayi telefòn wap itilize,
- 6) Yap voye yon sms pou ou kigen yon kòd pouw ka konfime nimewo telefòn ou bay la. Antre kòd la.  
NB: kòd yap voye a ka pran jiska 10 minit poul rive jwenn ou e li valab jiska 4 èd tan
- 7) Pouw kontinye, lèw fin mete kòd la wap enfòme konbyen kòb ou conn fè oubyen konbyen ou conn touche, an moyèn, pa mwa; Ki travay ou fè, adrès kote ou rete a (zone nan ak nan ki eta)
- 8) Li nesesè tou pouw di ki kantite moun ki nan Fanmi an (kotew rete a)
- 9) Wap di kisa chak moun sa yo ye pou ou ,egzanp : Pitit, Manman, Kouzin etc...  
Bay nimewo CPF yo ak dat yo fèt la
- 10) Aprè sa wap di komanw ta renmen resevwa kòb la wap chwazi kont CAIXA ou byen nenpòt lòt Bank kew gen kont ladanl ou pap peye pou tranzaksyon an.
- Enpòtan!!!  
Kont Bank lan sipoze pou moun ki fè demann kòb la, wap mete ajans lan, nimewo kont lan, pa blyie mete chif ki dèyè tirè a, nan nimewo kont lan.
- 11) Si w pa gen yon kont labank nan Brezil, ou ka tou fè demann pou louvri yon kont dijital

# CORONAVÍRUS

12) Regade si tout enfòmasyon w mete yo kòrèk epi peze kote ki make "Concluir solicitação" lan

13) Wap resevwa yon mesaj ki pou konfime demann ou a wap ka toujou akonpanye demann lan nan menm aplikasyon an.

Kijan pou w louvri kont dijital la sou Aplikasyon:

Nenpòt moun ka telechaje aplikasyon ki rele Caixa Tem, espesyalman moun ki pagen kont labank nan CAIXA gade kijan pou fè sa byen senp:

## 1. Telechaje aplikasyon an

Pou sa, w ap jis ale nan Google Play Store oubyen Apple Store epi telechaje aplikasyon ki rele Caixa Tem. Atansyon : nan moman se selman moun ki ap benefisyè kòb gouvènman an k ap ka rantre sou aplikasyon an.

## 2. Antre sou aplikasyon an:

Pouw rantre sou aplikasyon an w ap bezwen nimewo CPF ou epi yon modpas 6 chif ke w ap kreye menm kote a.

## 3. Itilize sèvis yo

Tout bagay prè kounya! Lè w fin antre, w ap annik klike sou ninpòt ki sèvis ke w ap bezwen itilize.

## 4. Identife telefòn ou

Pouw ka antre sou enfomasyon kont ou a, peye dèt, oubyen voye ak resevwa lajan , itilize menm modpas ou te kreye a pouw fè sa, antre nimewo telefòn ou epi tann yon SMS ki gen yon kòd ladann pouw konfime ke se ou menm.

Siw ta gen kesyon sou CPF la:

Konsilte Receita Federal sou link sa - <https://receita.economia.gov.br/>

# CORONAVÍRUS

Si w ta gen ninpòt kesyon , chèche jwenn Centro de Referência de Assistência Social -CRAS  
ki pi pre lakay ou a, sou link ki anba a:  
<http://www.sds.sc.gov.br/index.php/onde-estamos>

"Todo ser humano tem o direito de ser, em todos os lugares, reconhecido como pessoa perante a lei."

Declaração Universal dos Direitos Humanos (Artigo VI)

Tradiksyon

Ruth Anastazia TATTEGRAIN,Aisyèn

Estajyè nan Sekretarya Leta pou Developman Sosyal/ Direksyon Dwa Moun.

Etidyan nan Relasyon Entènasyonal nan UFSC (Universidade Federal de Santa Catarina)